

REPUBLIKA Y'UBURUNDI




UBUSHIKIRANGANJI BW'IBIDUKIKIJE,
UBURIMYI N'UBWOROZI



AGATABU KEREKANA AMAKARATA Y'AKANOVERA K'ISI NDIMWA YO MU NTARA YA BURURI

Umwaka wa 2022



Bujumbura, Ruheshi 2022

Ibirimwo

Ibirimwo	2
1.1. Ingene akanovera k'isi ndimwa kifashe	4
1.2. Intumbero nyamukuru yayo makarata	5
2. INGENE IBIKORWA VYAKURIKIRANYE	5
3. IKARATA Y'UMURURAZI/UBUKARIHE (pH)	6
3.1. Ibiharuro mfatiro vy'umururazi w'isi (pH)	6
3.2. Ivyashitsweko	6
3.3. Ikarata y'umururazi (pH)	8
4. IKARATA Y'ICUNYUNYU NYARUBABI (N)	9
4.1. Ibiharuro mfatiro ku cunyunu nyarubabi	9
4.2. Ivyashitsweko	9
4.3. Ikarata y'icunyunu nyarubabi (N)	11
5. IKARATA Y'ICUNYUNYU RUKOMEZANGINGO (P) IGITERWA GISHOBORA GUKORESHA	12
5.1. Ibiharuro mfatiro ku cunyunu rukomezangingo (P) (mg/kg)	12
5.2. Ivyashitsweko	12
5.3. Ikarata y'icunyunu rukomezangingo (P) igiterwa gishobora gukoresha	14
6. IKARATA Y'ICUNYUNYU NYARUTEKE (K) IGITERWA GISHOBORA GUKORESHA	15

6.1. Ibiharuro mfatiro ku cunyunyu nyaruteke (még ku magarama ijana y'ivu ryumye)	15
6.2. Ivyashitsweko	15
6.3. Ikarata y'icunyunyu nyaruteke (K) igiterwa gishobora gukoresha	17
7. INSIGURO.....	18
8. GUSOZERA	18
IVYONGEWEKO: Urugero rw'ishwagara ikoreshe mu ndimo	19

1. INTANGAMARARA

1.1. Ingene akanovera k'isi ndimwa kifashe

Itituka ry'isi ndimwa mu Burundi ntirikiri agaseseshwa rumuri, bituma umwimbu ugabanuka kandi abantu nabo batera biyongera. Ibituma akanovera k'isi kagabanuka navyo ahani nibi bikurikira: kudakoresha neza ibisigarira vy'ivyimburwa, kutarwanya inkukura ku rugero rushimishije, ubuhinga n'ubumenyi budakwiye mu guhingura no kurwiza ifumbire y'ikirundi,....

Kugira ngo isi isubire yimbuke, birakenewe ko hamenyekana ingene isi yifashe muri rusangi mu gihugu kugira ngo abafasha n'abakorera mu gisata c'uburimyi bisunge ibiharuro vya none.

Amakarata yo mu ntara yafatiye ku rugero rw'umururazi w'isi (pH), ku vyunyuyu : rukomezangingo (P), nyarubabi (N) na nyaruteke (K). Ubuho bwinshi burakoreshwa rero mu kugarukana akanovera k'isi ndimwa: gukoresha ifumbire y'ikirundi ; gukoresha ishwagara, guhingura imicafu yo mu ngo n'ibisagara (ibigigarira vy'imfungurwa, umwanda muto na mukuru,

ibisigarira vyo mu mahinguriro,...), kurwanya inkukura, gukoresha neza ifumbire y'ikizungu, n'ibindi n'ibindi.

1.2. Intumbero nyamukuru yayo makarata

Gufasha kugarukana akanovera k'isi mu kwerekana urugero rw'ivyunyuny nyamukuru n'umururazi turiko kugira ngo abajewe gufata ingingo no kuzishira mu ngiro bavyisunge.

Kugira dushikire iryo hangiro hakoze ibi bikurikira:

- Gukora amakarata y'umururazi (pH), y'ivyunyuny bikuru bikuru: nyarubabi (N), rukomezangingo (P) na nyaruteke (K);
- Gutanga insiguro y'ivyibonekeza ku makarata;
- Gutanga intumbero yo gufumbira isi ndimwa.

2. INGENE IBIKORWA VYAKURIKIRANYE

Abakozi bo muri ISABU bafashanije n'abo mu gisata kijejwe gufumbira isi ndimwa mu bushikirangaji bw'ibidukikije, uburimyi n'ubworozi bafashwe mu mugongo na IFDC, baragiye mu gihugu cose batora ivu mu bibanza 1377. Iryo vu ryapimiwe muri ISABU. Inyuma yaho amakarata y'akanovera n'umururazi w'isi

ndimwa yarakozwe hisunzwe ibiharuro vyavuye mu nzu nsuzumiro (Laboratoire).Mu nama yo kuyemeza, harasabwe ko hokorwa amakarata intara ku ntara n'insiguro yayo no gushika muri komine.

3. IKARATA Y'UMURURAZI/UBUKARIHE (pH)

3.1. Ibiharuro mfatiro vy'umururazi w'isi (pH)

Urugero	Ibiharuro mfatiro vy'umururazi w'isi
umururazi mwinshi cane	< 5
umururazi mwinshi	5 - 5,5
umururazi ubayabaye	5,6 - 6,0
umururazi mukeya	6,1 - 6,5
nta mururazi	6,6 -7,5 :
Isi irimwo kariciyumu na manyesiyumu kurugero rwo hejuru.	> 7,5

3.2. Ivyashitsweko


- Ibice vyababa 92 kw' ijana (92 %) y'isi ndimwa vyo mu ntara ya Bururi bifise umururazi mwinshi gushika kuri mwinshi cane;

- Ni nkuko twovuga ko mu ntara ya Bururi ata si ndimwa ifise karisiyumu na manyeziyumu kurugero rwo hejuru;
- Ikomine ya Mugamba niyo ifise umururazi mwinshi hagakurikira Matana.

Uburinganire bw'isi ndimwa dufatiye ku rugero rw'umururazi

Urugero rw'umururazi	Uburinganire (ha)	Ibice kw'ijana (%)
Umururazi mwinshi cane	47019,8	31,7
Umururazi mwinshi	89066,6	60,0
Umururazi ubayabaye	11130,1	7,5
Umururazi mukeya	1152,7	0,8
Ata mururazi	151	0,1
Vyose hamwe	148520,3	100,0

3.3. Ikarata y'umururazi (pH)



4. IKARATA Y'ICUNYUNYU NYARUBABI (N)

4.1. Ibiharuro mfatiro ku cunyunu nyarubabi

Urugero	Urugero rwa nyarubabi kw'ijana (%)
Rukeyi cane	< 0,1
Rukeyi	0,1-0,2
Rubayabaye	0,2-0,5
Rukwiye	0,5-1,0
Rukwiye cane	>1,0


4.2. Ivyashitsweko

- Ibice vyababa 78 kw'ijana (78 %) vy'isi ndimwa bifise urugero rubayabaye ku cunyunu nyarubabi;
- Ibice vyababa 16 kw'ijana (16 %) vy'isi ndimwa bifise urugero rukeyi ;
- Imitumba imwe imwe yo muri koline ya Mugamba afise urugero ruri hejuru ugereranije n'iyindi mitumba (irangi risa n'urwatsi rutoto ku karata).

Uburinganire bw'isi ndimwa dufatiye ku rugero rw'icunyunyu nyarubabi

Urugero rw'icunyunyu nyarubabi	Uburinganire (ha)	Ibice kw'ijana (%)
Rukeyi cane	38,4	0,0
Rukeyi	23138,3	15,6
Rubayabaye	115358,9	77,7
Ruri hejuru	9484,8	6,4
Ruri hejuru cane	500	0,3
Vyose hamwe	148520,3	100,0

4.3. Ikarata y'icunyunyu nyarubabi (N)



5. IKARATA Y'ICUNYUNYU RUKOMEZANGINGO (P) IGITERWA GISHOBORA GUKORESHA

5.1. Ibiharuro mfatiro ku cunyunyu rukomezangingo (P) (mg/kg)

Urugero	Ibiharuro vya rukomezangingo (mg/kg)
Kiri ku rugero ruri hasi cane	0 - 5
Kiri ku rugero ruri hasi	5 - 20
Kiri ku rugero rubayabaye	20 - 50
Kiri ku rugero rukwiye	50 - 100
Kiri ku rugero rukwiye cane	>100

5.2. Ivyashitsweko


- Ibice birenga gato 74 kw`ijana (74%) vy`isi ndimwa vy`intara ya Bururi bifise icunyunyu ca rukomezangingo kiri ku rugero ruri hasi cane ;
- Ibice birenga 99,8 kw`ijana (+99,8 %) vy`isi ndimwa vy`intara ya Bururi bifise icunyunyu rukomezangingo (P) kiri ku rugero ruri hasi canke hasi cane ;

- Amakomine ya Bururi na Vyanda afise icunyunyu rukomezangingo (P) kiri hejuru ugereraniye n'izindi komine.

Uburinganire bw'isi ndimwa dufatiye ku rugero rw'icunyunyu rukomezangingo (P) igiterwa gishobora gukoresha

Urugero	Uburinganire (ha)	Ibice kw'ijana (%)
Ruri hasi cane	110389,5	74,3
Ruri hasi	37902,8	25,5
Rubayabaye	228	0,2
Vyose hamwe	148520,3	100

5.3. Ikarata y'icunyunyu rukomezangingo (P) igiterwa gishobora gukoresha



6. IKARATA Y'ICUNYUNYU NYARUTEKE (K) IGITERWA GISHOBORA GUKORESHA

6.1. Ibiharuro mfatiro ku cunyunu nyaruteke (méq ku magarama ijana y`ivu ryumye)

Urugero	Ibiharuro vya nyaruteke (méq ku magarama ijana y`ivu ryumye)
urugero ruri hasi	< 0,25
urugero rubayabaye	0,25-0,5
urugero rukwiye	0,5-1,0
urugero rukwiye cane.	>1,0


6.2. Ivyashitsweko

- Ibice 18 kw`ijana (18 %) vy'isi ndimwa yo mu ntara ya Bururi bifise icunyunu nyaruteke ku rugero rubayabaye ;
- Ibice birenga gato 81 kw`ijana (81%) vy'isi ndimwa yo mu ntara ya Bururi zifise icunyunu nyaruteke ku rugero ruri hasi.

Uburinganire bw'isi ndimwa dufatiye ku rugero rw'icunyunyu nyaruteke igiterwa gishobora gukoresha

Urugero	Uburinganire (ha)	Ibice kw'ijana (%)
Urugero ruri hasi	120487,7	81,1
Urugero rubayabaye	26807,2	18,0
Urugero rukwiye	1225,4	0,8
Vyose hamwe	148520,3	100,0

6.3. Ikarata y'icunyunyu nyaruteke (K) igiterwa gishobora gukoresha



7. INSIGURO

Isi ndimwa y'intara ya Bururi irabangamiwe n'umururazi, icunyunyu rukomezangingo (P) kiri hasi kubice 99 kwijana (99%), icunyunyu nyaruteke (K) kiri ku rugero rubayebaye ku bice cumi n'umunani kw'ijana (18%) hamwe na nyarubabi (N) kiri ku rugero rubayabaye ku bice mirongo indwi n'umunani kw'ijana (78%).

8. GUSOZERA

Icunyunyu rukomezangingo (P) gitegerezwa kwongerezwa mw'isi ndimwa y'intara yose ya Bururi. Ivyunyunyu nyarubabi (N) na nyaruteke (K) birakenewe kwongerezwa kugira ibiterwa bikure neza. Gukoresha ishwagara mu kugabanura umururazi w'isi birafasha mu kubohora icunyunyu rukomezangingo (P) kiba caboshwe n'ivyunyunyu vy'ubumara. Gukoresha ifumbure y'ikirundi birafasha mu gusahiriza ifumbire y'ikizungu yarisanzwe ikoreshwa.

IVYONGEWEKO: Urugero rw'ishwagara ikoreshwa mu ndimo

Ubwoko bw'isi	Ibipimo vy'umururazi w'isi	Urugero rwo kuvura isi	Urugero rwo kubungabunga isi
		Kg/are	Kg/are
Isi y'ibumba/inombe	< 4,7	17	6
	4,7-5,2	14	6
	5,2-5,7	7	5
	>5,7	0	0
Isi y'ikivuvu	< 4,7	14	5
	4,7-5,2	10	5
	5,2-5,7	7	4
	>5,7	0	0
Isi y'umusenyi	< 4,7	8	4
	4,7-5,2	5	4
	5,2-5,7	3	3
	>5,7	0	0
Ibi biharuro bifatiye kw'ishwagara ikorerwa mu burundi. Ibipimo vyayo ni: CaO:27% gushika kuri 30%; MgO:20% gushika kuri 21%			